

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje dapre diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli dapre règleman MassHealth e sou direktif règlemantè yo.

## **ENFÒMASYON SUIVI KI KONSÈNE : Apèl trimestriyèl pou manm jesyon ka kominotè e pou fanmi jesyon ka kominotè : 22 e 29 oktòb 2024**

### AJANDA

Sijè	Ki lè
Mizajou sou tout amelyorasyon nan livrezon sèvis CSN yo.	10/22 : 5:00 – 5:30 p.m. 10/29 : 2:00 – 2:30 p.m.
Kòmantè manm CCM e fanmi CCM	10/22 : 5:30 – 6:30 p.m. 10/29 : 2:30 – 3:30 p.m.

### Kòmantè e suivi manm CCM yo e fanmi CCM yo

#### 1. Pwogram asistans nan swen konplèks (Complex Care Assistant, CCA)

**Fanmi CCM yo** mande si MassHealth anvizaje pou l kreye yon opsyon fleksib pou CSN a CCA, e si se pa sa, kisa ki nesesè pou fè mizanplas tip pwogram sa a.

**Respons OLSS :** Anvan MassHealth ka anvizaje kreye yon opsyon konsa, MassHealth bezwen yon pi bon sistèm pou suiv opsyon fleksib CSN a PCA a. MassHealth ap chèche yon solisyon pou pwoblèm sa a. Sepandan, travay sa a egzije chanjman nan sistèm lan ki poko fini. Yon fwa MassHealth kapab suiv opsyon fleksib CSN a PCA a pi byen, nou ka anvizaje mizanplas plis fleksiblité nan sèvis CCA yo.

**Fanmi CCM yo** mande si y ap peye pou è travay anplis pase 40 è pa semèn lè ajans ki angaje yo sèlman prewwa fanmi a pou 40 è travay.

**Respons OLSS :** MassHealth pa ofri aktyèlman yon tarif ranbousman pou è siplemantè pou sèvis CCA yo, sa ki gendwa eksplike pouki yon ajans p ap pwograme pou yon CCA travay plis pase 40 è nan yon semèn. Manm CCM yo gendwa gen plis pase yon founisè sèvis CCA, ki se yon jan pou è siplemantè sa yo itilize. CCA yo ka travay tou pou plis pase yon ajans e ka pataje è travay ant ajans yo si yo pito sa. Paj wèb manm CCM lan nan mass.gov gen yon lis ajans ki founi sèvis CCA e responsab klinik CCM ka pale avèk fanmi yo tou sou ajans ki founi sèvis CCA nan katye pa yo a.

**Fanmi CCM yo** mande pou MassHealth anvizaje yon tarif pou *overtime* (è siplemantè) oubyen yon ogmantasyon nan tarif pou CCA.

**Respons OLSS :** Chak de lane MassHealth fè yon revizyon tarif pou ajans CSN yo e tarif enfimye(è) endependan, ki gen ladan tou yon revizyon tarif CSN yo e tarif CCA yo. Yon tarif pou *overtime* oubyen yon ogmantasyon nan tarif pou sèvis CCA yo ta nesesite gen plis finansman.

**Fanmi CCM yo** poze kesyon sou plan pou kolekte done pou sèvis CCA yo, tèlke rezon ki fè fanmi chwazi pou yo itilize sèvis CCA yo.

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje daprè diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli daprè règleman MassHealth e sou direktif règlemantè yo.

**Respons OLTSS :** MassHealth ap ajoute kesyon nan pwochen sondaj sou eksperyans manm CCM yo sou sèvis CCA yo ; pwochen sondaj la prevwa pou l pataje avèk tout manm e fanmi yo nan kòmansman lane 2025. Epitou, si MassHealth ka jwenn plis finansman, MassHealth ta renmen fè antrevi kalifikatif avèk fanmi k ap itilize sèvis CCA a.

## 2. Egzijans an rapò ak edan nan règleman CSN yo

**Fanmi CCM yo** endike règleman an ta dwe gen ladan si edan prensipal la bezwen tan andeyò swen li ofri manm CCM lan pou l pran swen lòt fanmi.

**Respons OLTSS :** MassHealth prevwa mete seksyon règleman sa a ajou avèk yon langaj enklizif pou pran kont de senaryo ki pa deja presize nan règlemantasyon yo. Antretan, MassHealth ankouraje fanmi CCM yo kominike avèk responsab klinik CCM la pou pale sou tout sikontans ki gendwa fè yo bezwen yon ogmantasyon tanporè nan sèvis yo.

**Fanmi CCM yo** mande eklèsisman sou tèm "founisè prensipal pou swen natirèl" e si sa aplike inikman avèk fanmi.

**Respons OLTSS :** Yon founisè prensipal pou swen natirèl se soutyen prensipal manm CCM lan e/oubyen edan ki konekte yon lòt jan avèk manm lan, tèlke yon paran, epou, epouz, lòt fanmi oubyen zanmi pwòch.

## 3. CCM Nurse Directory (Anyè enfimye(è) CCM)

**Fanmi CCM yo** mande kòman pou yo rapòte founisè ki kontakte fanmi yo nan anyè a lè li pa awopriye.

**Respons OLTSS :** MassHealth ankouraje fanmi kontakte responsab klinik CCM pa yo a sou tout konpòtman inapwopriye founisè yo nan anyè enfimye(è) CCM lan. CCM ka fè suivi tou avèk Emily Lane, ki se kowòdinatè pwojè anyè a e ki ka kontakte an dirèk founisè yo pou rezoud pwoblèm yo.

**Fanmi CCM yo** mande pou anyè enfimye(è) CCM lan gen ladan yon fonksyon ki pèmèt fanmi yo retire an pèmanans non founisè nan rezulta rechèch y ap fè a.

**Respons OLTSS :** Manm CCM yo e fanmi yo ka "kache" yon non nan rezulta rechèch y ap fè a. Anyè enfimye(è) CCM lan, [zouti travay pou manm](#), gen ladan direktiv sou kòman pou itilize fonksyon sa a. MassHealth ap travay tou avèk ekip devlopman enfòmatik anyè a pou ka rezoud pwoblèm lan kote founisè manm yo "kache" pa gen posiblite pou founisè sa yo wè oubyen voye mesaj bay manm sa yo.

## 4. Ogmantasyon nan tarif CSN

**Fanmi CCM yo** endike preyokipasyon yo genyen sou sa ki konsène diferan pratik ajans lan sou fason dènye ogmantasyon nan tarif CSN yo ap aplike, tèlke enpak nan diferans nan lè peryòd travay, peman to pou jou ferye, e pratik depatman resous imèn yo.

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje daprè diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli daprè règleman MassHealth e sou direktif règlemantè yo.

**Respons OLTSS :** MassHealth pa gen yon repèkisyon nan salè pou tarif ranbousman CSN yo, epitou l pa ka enpoze kòman ajans yo atribye salè bay anplwaye enfimye(è) yo.  
MassHealth ta renmen gen plis enfòmasyon sou fason dènye ogmantasyon nan tarif CSN yo aplike e l fè mizanplas egzijans sou rapò anyèl sou pèsonèl ke ajans yo dwe soumèt bay MassHealth sou salè brit anplwaye pa yo.

**Fanmi CCM yo** siyale enkyetman ke kondisyon nan rapò anyèl sou anplwaye yo pa kont e bezwen pou aplike yon repèkisyon nan salè pou sèvis CSN yo.

**Respons OLTSS :** MassHealth ap kolekte enfòmasyon sou salè nan men ajans yo pou founi done pou ede enfòme politik pi devan e chanjman ki posib nan règleman yo.

Daprè MassHealth, ajans yo ap fè aplikasyon ogmantasyon nan tarif yo nan diferan fason, pa sèlman pou dirije salè enfimye(è) yo, men tou pou ogmantasyon pou pèsonèl administratif la, ogmante benefis anplwaye yo e lòt bagay ajans lan bezwen.

Epitou, MassHealth kontinye kolekte chak lane enfòmasyon nan rapò sou frè nan men founisè ajans CSN yo, enkli enfòmasyon sou rantabilite ajans lan.

## 5. Tan dokimantasyon pou ogmantasyon administratif pou tout manm CCM yo

**Fanmi CCM yo** mande si founisè yo dwe siyale tan yo konsakre pou fè dokimantasyon apa tan yo founi sèvis enfimye(è) a poutèt ogmantasyon administratif sa yo

**Respons OLTSS :** Founisè pa bezwen faktire oubyen dokimante lòt jan poutèt ogmantasyon administratif sa yo.

**Fanmi CCM yo** endike ogmantasyon administratif 5% an pou tan dokimantasyon an pa sifi pou kouvri tout tan enfimye (è) yo konsakre pou fè dokimantasyon nan yon peryòd travay.

**Respons OLTSS :** MassHealth rekonèt tan enfimye(è) konsakre pou fè dokimantasyon gendwa diferan pou chak enfimye(è), pou sa manm lan bezwen, epi menm ant chak peryòd travay. Ogmantasyon administratif 5% an ki pral an vigè le 15 desamm te baze sou yon evalyasyon jeneral pou tan ki konsakre pou dokimantasyon e sou lajan ki disponib pou soutni inisyatif la. MassHealth pral konsidere kòmantè fanmi e founisè bay sou inisyatif sa a e sou posiblite pou ogmante pouvantaj sa a pi devan, si gen plis finansman ki disponib.

## 6. Tan fòmasyon CSN e faktirasyon

**Fanmi CCM yo** mande si MassHealth ka egzije ajans yo itilize inite tan pou fòmasyon CSN pase inite estanda CSN yo pou fòmasyon enfimye(è).

**Respons OLTSS :** MassHealth pa ka fòse yon ajans itilize kòd faktirasyon pou tan fòmasyon ; sepandan, inite sa yo disponib pou tout founisè lè yon nouvo enfimye(è) ap entegre pou premye fwa nan swen yon manm. Empresyon MassHealth gen se; founisè yo satisfè ak chanjman sa a nan politik la e ak posibilité pou faktire tan fòmasyon apa tan estanda CSN yo. MassHealth tande nan men kèk pi gwo ajans ki travay nan lòt eta gendwa gen yon reta nan desizyon sou konfòmite pwogram sa a, poutèt MA se premye eta ki fè

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje dapsre diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli dapsre règleman MassHealth e sou direktif règlemantè yo.

mizannèv yon inisyatif tankou sa a. MassHealth ap kontinye travay avèk ajans yo pou ede fè Mizannèv tan pou fòmasyon CSN yo.

**Fanmi CCM yo** mande si kòd faktirasyon pou tan fòmasyon CSN lan pèmèt ajans lan peye enfimye(è) yo tarif total CSN lan.

**Respons OLTSS :** Tarif tan fòmasyon yo menm ak tarif CSN yo eksepte pou tarif lannuit pou ka yon sèl pasyan. Malerezman, sistèm faktirasyon MassHealth la pa an mezi aktyèlman pou l peye menm tarif lannuit la ak tarif estanda CSN yo. MassHealth ap travay pou jwenn yon solisyon pou pwoblèm sa a.

Fanmi CCM yo endike sèten ajans peye enfimye(è) yo mwens pase tarif total enfimye(è) CSN yo pou tan fòmasyon.

**Respons OLTSS :** Pa gen aktyèlman yon transfè salè pou to CSN yo, tèlke tan pou fòmasyon CSN. An konsekans, MassHealth pa ka egzije ajans yo peye yon salè presi pou è fòmasyon CSN.

## 7. Resous pou ede manm yo navege ant sèvis DDS yo e sèvis MassHealth yo

**Fanmi CCM yo** mande enfòmasyon sou resous pou ede manm yo navege ant sèvis DDS yo e sèvis MassHealth yo

**Respons OLTSS :** Manm ta dwe kontakte jesyonè klinik CCM lan ki limenm ap konekte yo avèk anplwaye sèvis sosyal CCM lan ki ka founi plis resous.

## 8. Jesyon ka okonplè pou manm CCM (C4M)

**Fanmi CCM yo** mande si C4M ap ranplase kowòdinasyon swen DPH la pou manm ki gen sèvis sa a e kòman sèvis C4M lan ap sanblab oubyen diferan parapò ak DPH?

**Respons OLTSS :** Manm yo ap otorize pou kowòdone swen nan DPH epi itilize sèvis C4M lan nan menm lè a.

MassHealth espere si yon founisè C4M kontrakte, jesyonè ka nan nouvò òganizasyon sa a ap kowòdone e kolabore avèk lòt kowòdinatè swen manm yo travay avèk yo, tèlke DPH.

MassHealth ap anvizaje C4M kòm yon sèvis jesyon ka ki pi solid e plis pèsonalize. Demann pou repons yo, ki gen ladan tout sèvis yon nouvo antite dwe founi, te devlope apati kòmantè manm CCM yo e fanmi yo ansanm ak konsèy konsilitatif CSN lan.

## 9. Èdtan ki pa itilize pandan ospitalizasyon yon manm

**Fanmi CCM yo** mande si è asistan nan swen konplèks (complex care assistant, CCA) pandan yon manm entène lopital kapab itilize pi ta pandan peryòd otorizasyon alavans lan.

**Respons OLTSS :** È asistan nan swen konplèks (CCA) ki pa itilize pa akimile nan yon peryòd otorizasyon alavans menm jan ak è CSN ki pa itilize yo akimile. Sa se yon karakteristik inik nan sèvis CSN yo, ki pa valab pou lòt sèvis, tèlke pou CCA.

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje dapsre diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli dapsre règleman MassHealth e sou direktif règlemantè yo.

## 10. Pwogram fòmasyon enfimye(è) CSN

**Fanmi CCM yo** mande si pwogram lan reyisi, si l te pèmèt plis IN enskri kòm founisè nan MassHealth, e si MassHealth prevwa rekòmanse pwogram lan ankò.

**Respons OLSS :** Jouk kounyeya, Nightingale Northern Nest (NNN) te gen 60 enfimye(è) ki diplome nan kou sik konplè a, e 69 enfimye(è) nan MGH IHP diplome nan kou sik konplè a. NNN gen plis pase 100 enfimye(è) ki enskri alèkile e ki enskri nan kou pi devan k ap gradye toutolong kòmansman prentan lane 2025 lan. MGH IHP kòmanse pwochen kòwòt li yo, avèk yon lòt 73 enfimye(è) ki ta dwe diplome anvan prentan lane 2025 lan.

N ap suiv aktivite apre gradyasyon kay antreprenè yo epi avèk sous nou yo. Apeprè 40% nan tout enfimye(è) ki enskri nan youn ou lòt nan pwogram yo se aktyèlman enfimye(è) endependan CSN oubyen enfimye(è) ajans yo. Aktyèlman, nou konnen gen omwen 12 lòt enfimye(è) ki fè aplikasyon kòm MH IN oubyen enfimye(è) ajans. N ap kontinye suiv e fè mizajou nan reyinyon trimestriyèl nou yo.

MassHealth pa gen aktyèlman plis lajan pou elaji pwogram fòmasyon CSN yo.

## 11. Enfòmasyon sou pratik pataj MassHealth

**Fanmi CCM yo** mande si MassHealth ka ofri plis opòtinite pou manm CCM e fanmi yo bay opinyon yo sou inisyativ nan politik ki pwopoze yo.

**Respons OLSS :** MassHealth te bay opòtinite pou manm CCM e fanmi yo revize chanjman nan politik ki pwopoze anvan yo e n ap konsidere kòman pou n fè sa pou chanjman nan politik ki pwopoze pi devan. Anplis, konsèy konsilitatif CSN la founi e pral kontinye founi kòmantè bay MassHealth sou mizannèz politik yo, acha ki fèt, e sou lòt pwogram.

**Fanmi CCM yo** mande pou MassHealth pataje yon rezime sou chanjman nan règleman enpòtan bay fanmi yo, anplis nan pataj yon lyen elektwonik nan mizajou règleman, pou mete an evidans chanjman ki pi enpòtan pou fanmi yo.

**Respons OLSS :** MassHealth gendwa anvizaje founi yon rezime bay fanmi yo ki mete an evidans chanjman e sijè prensipal lè yo distribye règleman yo.

**Fanmi CCM yo** mande pou MassHealth mande pou kòmantè e enfòmasyon nan men manm CCM yo e fanmi yo, anplis pase founisè yo. Avèk plis presizon, fanmi di jan yo enterese pou yo kontribye enfòmasyon pou rapò chak dezan an e sou pratik ajans CSN yo.

**Respons OLSS :** Rapò chak dezan CIH la se yon kondisyon asanble lejislatif la, ki tabli nan lwa jeneral Massachusetts nan seksyon 24 chapit 12C, e li gen ladan 8 eleman done presi ki dwe enkli. Eleman nan done sa yo prensipalman soti nan sistèm done MassHealth la, apre revizyon toude reklamasyon e done sou otorizasyon alavans. Epitou, gen kèk eleman nan done yo ki an rapò avèk yon kantite presi enfimye(è) ki founi sèvis CSN nan eta a ; MassHealth e CHIA dwe kolekte enfòmasyon sa yo nan men ajans CSN kòm se li ki angaje enfimye(è) sa yo.

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje daprè diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli daprè règleman MassHealth e sou direktif règlemantè yo.

MassHealth gendwa anvizaje kreye yon mwayen ki pi sistematik pou kolekte kòmantè manm CCM yo e fanmi yo sou kolaborasyon avèk ajans CSN yo yon fason ki pi jeneral.

## **12. Enfimye(è) CSN k ap travay nan lopital**

Fanmi CCM yo mande si MassHealth anvizaje pèmèt enfimye(è) CSN yo founi swen bay manm CCM yo pandan yo ospitalize.

**Respons OLTSS :** MassHealth pale sou enplikasyon pou enfimye(è) CSN yo lè manm CCM yo ospitalize. MassHealth pa ka aktyèlman ranbouse sèvis CSN yo lè yon manm ospitalize, paske lè yon manm resevwa swen enfimye(è) CSN pandan l ap resevwa tou sèvis enfimye(è) lè li entène nan yon lopital sa konsidere kòm sèvis an doub.

**Fanmi CCM yo** pataje kòmantè pa yo sou eksperyans nan ospitalizasyon manm CCM yo, kote fanmi yo souvan dwe founi swen e soutyen enpòtan. Anplis, rasyo swen enfimye(è) nan lopital la pa nesesèman menm ak sa lakay yo, selon inite kote manm lan admèt e swen manm lan bezwen.

**Fanmi CCM yo** mande si fanmi ki CCA ka ranbouse pou soutyen yo founi yon manm CCM pandan yo entène lopital.

**Respons OLTSS :** MassHealth pa an mezi pou l peye pou sèvis CCA lè yon manm entène lopital poutèt sa konsidere kòm sèvis an doub.

## **13. Pouki è PCA otorize yo gendwa diminye lè yon fanmi gen swen enfimye(è) ki disponib**

**Fanmi CCM yo** mande pouki è PCA otorize yo gendwa diminye lè yon fanmi gen swen enfimye(è) ki disponib.

**Respons OLTSS :** Enfimye(è) ede manm yo nan sèten tach nan swen pèsonèl ki gendwa rive pandan peryòd travay enfimye(è), tèlke ede manm lan netwaye si l gen pou l al twalèt oubyen netwaye yon manm si l sal tèt li. Lè pou tach swen pèsonèl sa yo gendwa soti nan yon otorizasyon PCA pou peryòd kote li konfime yon enfimye(è) ap travay avèk yon manm. Yon enfimye(è) pa dwe fè travay nan kay la, tèlke ede fè lesiv oubyen lòt aktvitite enstrimantal nan lavi kotidyen (Instrumental activities of daily living, IADL) pa dwe soti nan yon otorizasyon PCA menm si yon manm gen oubyen pa gen yon enfimye(è) k ap travay nan kay la.

## **14. Kòd faktirasyon e otorizasyon pou enfimye(è) nan moman larelèv enfimye(è)**

Fanmi CCM yo mande si MassHealth ta ka anvizaje tabli yon kòd faktirasyon e otorize lè pou enfimye(è) yo travay menm lè pandan yon ti tan nan moman larelèv enfimye(è). Fanmi yo eksplike sa ap pèmèt enfimye(è) yo fè echanj enfòmasyon paske nòt sou swen enfimye(è) yo pa toujou disponib nan kay la.

**Respons OLTSS :** MassHealth pral chita pale sou sa ant yomenm nan MassHealth. Règleman MassHealth yo egzije pou tout founisè CSN yo, tèlke IN, gen yon kopi ajou sou dosye medikal manm lan lakay manm lan ki disponib pou manm lan epi pou fanmi manm lan.

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje dapsre diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli dapsre règleman MassHealth e sou direktif règlemantè yo.

## 15. Egzijans sou sa ki konsène dokimantasyon pou enfimye(è) endepandan

**Fanmi CCM yo** mande sa k rive kreyasyon modèl pou enfimye(è) endepandan (IN) yo itilize.

**Respons OLTSS :** MassHealth kreye modèl pou IN yo ki disponib pou tout IN yo itilize. Modèl sa yo disponib nan pòtay founisè LTSS la epi gen : Yon dosye sou administrasyon medikaman, yon dosye sou administrasyon tretman, yon lis kontwòl dokimantasyon manm lan, yon nòt sou evolisyon pèsonèl enfimye(è) a, yon dosye sou plan swen, yon otorizasyon pou pataje enfòmasyon sante ki pwoteje e yon rapò sou ensidan ki kritik.

Fanmi CCM yo swete pou fanmi yo ka apwouve plan swen enfimye(è) yo avèk doktè a, sitou pou IN yo.

**Respons OLTSS :** MassHealth pral pale sou kòmantè sa yo ant yomenm nan MassHealth.

**Fanmi CCM yo** mande si li obligatwa pou IN yo pataje dokimantasyon avèk fanmi an.

**Respons OLTSS :** Règleman MassHealth yo egzije pou tout founisè CSN yo, tèlke IN, gen yon kopi ajou sou dosye medikal manm lan lakay manm lan ki disponib pou manm lan epi pou fanmi manm lan.

## 16. Mezi siveyans pou enfimye(è) endepandan

**Fanmi CCM yo** poze kesyon sou IN ki fè regilyèman verifikasyon pou wè si yo komèt krim e atak seksyèl.

**Respons OLTSS :** Li obligatwa pou IN yo fè verifikasyon CORI e SORI lè y ap enskri nan MassHealth epi chak lane nan menm mwa yo te enskri a.

**Fanmi CCM yo** poze kesyon sou verifikasyon pi regilyèman sou lisans IN yo.

**Respons OLTSS :** Lisans IN yo verifye lè yo enskri nan MassHealth epi chak mwa apati yon sistèm verifikasyon otomatik pou lisans ekip enskripsyon founisè a itilize.

**Fanmi CCM yo** poze kesyon sou fòmasyon klinik MassHealth pou IN yo.

**Respons OLTSS :** MassHealth pa founi IN yo fòmasyon klinik oubyen sipèvizon. IN yo se antreprenè endepandan, kidonk yo pa anplwaye eta a. Sepandan, MassHealth finanse de pwogram fòmasyon klinik pou sèvis CSN ki ofri founisè yo, tèlke IN yo, opòtinite pou yo resevwa yon fòmasyon pratik sou swen manm MassHealth ki gen konplikasyon medikal. Epitou, MassHealth kòmanse dènyeman otorize tan fòmasyon CSN ki disponib pou IN e enfimye(è) ajans lan, defason pou ranbouse founisè yo jiska 8 è fòmasyon presi bay yon manm lè enfimye(è) a kòmanse travay avèk yon manm pou premye fwa.

**Fanmi CCM yo** poze kesyon sou amelyorasyon pwosesis pou jwenn founisè IN, tèlke mizajou kowòdone yo pi regilyèman.

**Respons OLTSS :** MassHealth kòmanse yon anyè anliy sou enfimye(è) CCM yo pou ede konekte manm CCM yo pi fasil avèk founisè CSN ki disponib yo. MassHealth fè yon gwo

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje dapsre diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli dapsre règleman MassHealth e sou direktif règlemantè yo.

kanpay sensibilizasyon pou founisè IN yo pou ankouraje yo enskri nan anyè a, tcheke pwofil yo regilyèman epi kenbe enfòmasyon yo ajou. Epitou, CCM kontakte enfimye(è) endepandan yo chak 90 jou pou mande yo konfime oubyen mete ajou kowòdone aktyèl yo.

**Fanmi CCM yo** poze kesyon sou kantite èdtan yon IN otorize pou l travay nan yon semèn sivil.

**Respons OLTSS :** Nan yon semèn sivil, MassHealth pa gendwa ranbouse IN yo pou plis pase 60 è sèvis CSN. Epitou, MassHealth limite founisè IN yo pou pa faktire plis pase 12 è sèvis CSN nan yon peryòd 24 èdtan. IN gendwa founi alèkile jouk 16 èdtan nan yon peryòd 24 èdtan nan sitiyasyon ki annapre la yo : (1) nan ijans, kote pa gen lòt edan ki peye oubyen pa peye ki disponib pou swen manm lan ; epi (2) lè fanmi founi konfirmasyon aloral oubyen alekri ki di yo dakò pou IN lan travay jouk 16 è nan menm peryòd 24 èdtan an. Nan dezyèm senaryo a, IN la dwe ateste li pa travay nan 8 èdtan ki rete yo nan menm peryòd 24 è a.

Fanmi CCM yo gen kesyon sou ki pwosè pou suiv pou ka vin yon IN, e kòman pwosè sa a ka tire oklè pou toude founisè e fanmi yo.

**Respons OLTSS :** MassHealth kreye yon "[lis kontwòl demaraj pou IN](#)," ki revize etap ki nesesè pou enfimye(è) enskri kòm enfimye(è) endepandan (IN) nan MassHealth. Lis sa a pataje avèk founisè ki swete enskri e l disponib tou sou paj wèb manm CCM lan. Anplis, MassHealth devlope dènyèman yon rezime sou "atant" pou IN lè yo kòmanse pwosesis aplikasyon an, pou pi byen pare founisè yo pou pwosè anplikasyon an.

## **17. Kòman plent ki konsène enfimye(è), tèlke enfimye(è) nan ajans e enfimye(è) endepandan, trete**

**Fanmi CCM yo** mande kòman plent ki konsène enfimye(è), tèlke enfime(è) nan ajans e IN yo trete.

**Respons OLTSS :** Fanmi CCM ankouraje pou yo rapòte bay responsab klinik CCM la tout pwoblèm yo ta gen avèk yon founisè CSN. CCM ap fè yon suivi avèk founisè a sou sa ki konsène plent lan, amwenske fanmi a mande pou sa pa fèt. CCM ap transmèt plent yo tou bay MassHealth pou l egzamine epi pran lòt mezi jan sa nesesè.

Founisè CSN, tèlke ajans CSN e IN, dwe soumèt bay CCM tou rapò sou ensidan ki kritik. Pou ajans CSN, ajans lan dwe siyale tout mezi korektif pou remedye konpòtman yon enfimye(è), sa ki gendwa gen ladan konje administratif enfimye(è) a, mande pou enfimye(è) a suiv yon fòmasyon, epi/oubyen revoke enfimye(è) a.

Mezi posib MassHealth ta gendwa pran baze sou yon rapò familyal epi/oubyen yon rapò sou yon ensidan kritik gendwa se :

- kominike an dirèk avèk founisè a sou plent lan,
- fè yon odit siplas epi/oubyen odit nan biwo sou founisè a,
- rapòte founisè a bay Konsèy enskripsyon nan swen enfimye(è), sanksyon, epi/oubyen

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje dapre diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli dapre règleman MassHealth e sou direktif règlemantè yo.

- Anile enskripsyon founisè a nan MassHealth.

**Fanmi CCM yo** mande si MassHealth ta ka kreye yon gwooup soutyen pou fanmi CCM yo.

**Respons OLTSS :** MassHealth pa an mezi pou l kreye yon gwooup soutyen pou manm CCM yo e fanmi pa yo.

**Fanmi CCM yo** poze kesyon sou kòman bidjè pwogram CSN lan tabli.

**Respons OLTSS :** Se asanble lejislatif Massasuchetts ki tabli bidjè MassHealth la. Sèvis CSN yo pa resevwa pwòp bidjè pa yo men yo nan bidjè eta a antanke yon eleman avèk lòt sèvis MassHealth. MassHealth pwopoze yon bidjè baze sou yon analiz fiskal ki gen ladan done sou utilizasyon aktyèl sèvis MassHealth yo e tandans ki prevwa. MassHealth siveye aktivite sa yo nan lane a e ka kolabore avèk asanble lejislatif la pou ajiste si depans yo ogmante anpil plis bidjè ki te prevwa a.